



# Lis Bagay Paran yo Bezwen

## ENFÒMASYON DEBAZ

- Lè yo ouvri yo reponn ak bezwen ms
- Mwen ka peye pri yo mande a
- Pwogram nan gen otorizasyon

## ANVIWÒNMAN

- Lokal la pwòp e yo byen pran swen l
- Anviwònman an bèl, gen kè kontan e l pa gen move sant
- Lokal la an sekirite. (Li fasil pou yo sipèvizè lokal la, materyèl netwayaj pa sou men, priz elektrik yo kouvri, mèb yo solid, elt.)
- Gen yon plan pou ijans ak bwat premye swen an disponib pou itilize.
- Gen ase espas pou yon seri aktivite diferan (anndan/deyò, ti dòmi, pou daypè, manje, elt.)
- Gen yon kote pou timoun yo met bagay pèsònèl yo

## ANPLWAYE YO

- Pwofesè yo gen fòmasyon ak eksperyans ak timoun
- Gen ase pwofesè pou bay atansyon pèsònèl e pou ranplase lè gen moun ki absan/malad
- Yo itilize Teknik pou jesyon konpòtman (IDE: Limit yo regilye e yo dousman. Timoun yo gen chwa.)
- Pwofesè a ak elèv yo sanble renmen youn lòt
- Pwofesè a akeyan, amikal, epi pasyan
- Pwofesè yo bay rekonfò fizik yon fason ki gen lanmou e ki janti (pa egzanp, kenbe timoun piti yo, ba yo akolad, kenbe men yo, elt.)
- Pwofesè a toujou enplike nan sa timoun yo ap fè pandan jounen an.
- Pwofesè a konprann ki sa ki apwopriye nan domèn devlopman pou timoun ki gen laj diferan.
- Pwofesè a reponn rapid ak bezwen timoun yo.

RÈS LA



## PWOGRAM

- Gen yon pwogram pou jounen an ki enprime yo afiche ki montre yon woutin pou chak jou ki ekilibre. Gen lè pou timoun yo aktif/poze, ak aktivite diferan ki apwopriye ak laj.
- Gen lè timoun yo travay an gwoup e gen lè yo ka poukont yo.
- Orè a ka adapte jan sa nesese pou reponn ak bezwen ak imè timoun yo.
- Tifi ak tigason yo resevwa menm ankourajman pou patisipe nan yon seri aktivite.
- Kantite pwofesè nan chak gwoup pèmèt yo ka bay chak timoun atansyon.

## ENPLIKASYON PARAN

- Paran yo ka vin vizite nenpòt lè san yo pa di y ap vini.
- Paran yo ka pale ak founisè a lè yo gen kesyon ak enkyetid.
- Gen yon sistèm kominikasyon regilye yo voye lakay la pou pataje eksperyans timoun nan fè nan gadri a ak paran yo.
- Paran yo rankontre ak founisè a yon fason regilye pou pale de pwogrè ak objektif yo.

## KONSIDERASYON POU TI BEBE/TIMOUN PITI

- Gen espas pèsònèl pou timoun yo dòmi lè sa nesese.
- Woutin pou bay manje ak daypè yo fèt yon fason ki gen lanmou ak pasyans.
- Yo verifye ak chanje daypè yo souvan.
- Kote yo mete ak retire daypè a pwòp.
- Bebe yo gen espas ak libète pou yo jwe, grepe, ak rale.
- Pwofesè yo reponn rapid ak yon fason apwopriye lè yo tande kriye.

## KONSIDERASYON POU LAJ POU LEKÒL

- Mwen konfòtab ak aranjman pou transpò pou ale ak sot lekòl la.
- Gen espas ak tan yo bay pou devwa lakay.
- Gen tan lib e ki pa planifye apre chak aktivite ki planifye.

## DÈNYE KONSIDERASYON

- Gen referans ki disponib pou paran yo.
- Mwen t ap kontan la a si m te yon timoun.
- Mwen santi m konfòtab pou m kite pitit mwen la a.

## LÒT REMAK: